

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Dina kahirupan urang Sunda aya babasan anu unina *tukuh Ciburuy*. Éta babasan téh biasana dilarapkeun ka jelema nu teu daék ngarobah cecekelan, sanajan moal aya matakna (Satjadibrata, 2005: 420). Babasan *tukuh Ciburuy* ngandung harti yén éta jelema téh kukuh pengkuh dina sikep jeung pamadegan, teu bisa digoda atawa dibibita ku hal séjén demi kayakinan nu diagem atawa dicekel ku dirina.

Kecap Ciburuy nu jadi pangwangun frasa éta babasan téh tangtu nuduhkeun hiji tempat, tur tempat nu ngaranna Ciburuy téh henteu ngan hiji. Ngan baé, mun dipatalikeun jeung harti éta babasan, kecap Ciburuy téh tangtu ngarujuk ka hiji tempat atawa Kabuyutan nu kiwari disebut situs Ciburuy. Pernahna aya di Kacamatan Bayongbong, Kabupatén Garut. Pernahna di suku Gunung Cikuray, anu ceuk katerangan para ahli bisa jadi urut Kabuyutan. Dina Ajip Rosidi saparakanca (2000: 162) ogé diterangkeun yén Ciburuy téh baheulana Kabuyutan sarta pangeusina kasohor nyekel bari pageuh tali paranti (adat-istiadat) nu turun-tumurun, nepi ka sikep siga kitu téh disarebut *tukuh Ciburuy* (Rosidi, 2000: 162).

Hiji babasan téh gelarna henteu kitu baé. Umumna, gelarna téh tina pangalaman hirup anu dianggap geus puguh polana atawa pangalaman nu kauji

bebeneranana. Saupama babasan “tukuh Ciburuy” dina (Satjadibrata, 2005: 420) dihartikeun kana sikep anu hésé dirobahna, éta ogé tangtu lahir tina pangalaman hirup manusa nu geus kauji ayana jeung bebeneranana. Hartina yén babasan tukuh Ciburuy téh mémang ngagambarkeun hiji pangalaman hirup di hiji komunitas atawa pakumbuhan anu masarakatna hésé ngarobah kabiasaan atawa keukeuh peuteukeuh nyekel hiji aturan. Antukna éta pola kahirupan téh nepi ka jadi kacapangan anu lian tur dilarapkeun ka sing saha baé anu dianggap boga sipat nu sarua jeung urang Ciburuy.

Anu jadi pertanyaan, kumaha saenyana sipat atawa kabiasaan anu dikeukeuhan ku urang Ciburuy nepi ka antukna jadi kacapangan sarta gelar dina babasan. Lamun ngarujuk kana katerangan Ajip Rosidi saparakanca, yén Ciburuy téh urut hiji Kabuyutan, tangtu éta kabiasaan téh patali jeung tradisi nu sok kapanggih di Kabuyutan. Ari nu disebut Kabuyutan téh lokasi anu baheulana jadi tempat kagiatan kaagamaan minangka pangaruh tina agama Hindu. Kabuyutan téh sok disebut *mandala*, tempat para pedéta méré pangajaran agama ka murid-muridna, ngadu'akeun kasalametan jeung karaharjaan raja jeung nagarana, sarta tempat nuliskeun ajaran agama tur pangaweruh lianna. Pangeusina meunang panangtayungan sarta jaminan hirup ti raja tur dibébaskeun tina kawajiban mayar pajeg (Rosidi, 2000: 315).

Istilah Kabuyutan ogé kapanggih dina sawatara prasasti jeung naskah kuno, seperti dina Prasasti Kabantenan jeung naskah *Amanat Galunggung* (Koropak 632). Di dinya dijelaskeun yén Kabuyutan téh penting pungsina pikeun raja. Kabuyutan sok dihartikeun minangka tempat suci, tempat tapa para wiku

atawa pandita, sarta dianggap minangka puseur kakuatan raja jeung karajaanana. Henteu anéh pikeun jaman harita mun rék nalukkeun hiji karajaan téh nu pangheulana diancurkeun ku musuh nya Kabuyutan. Mun raja hasil nangtayungan éta Kabuyutan, kahormatan éta raja dianggap punjul. Sabalikna, raja nu teu bisa nangtayungan Kabuyutan atawa bisa direbut ku musuh, martabat raja dianggap ruksak tur harga dirina teu bina ti kulit lasun di jarian (Wartini, 2007:21-23).

Salian ti éta, di Kabuyutan atawa mandala téh kapanggih tradisi-tradisi anu ku pangeusina dijalankeun bari kukuh pengkuh. Ceuk Danasamita (1986:5-7), éta téh bagian tina konsép tapa nu lumrah dijalankeun ku masarakat Sunda buhun. Konsep tapa anu dimaksud téh nya éta tapa di mandala, di sagigireun aya tapa di nagara. Tapa di mandala nya éta ngajalankeun kawajiban di *mandala*, atawa ngajaga tali paranti anu geus diwariskeun turun tumurun ku karuhun keur ngajaga kasucian mandala atawa Kabuyutan. Ari tapa di nagara, nya éta tapa anu dijalankeun ku raja atawa pamaréntahan dina raraga nyumponan kawajiban dina ngaheuyek jeung ngama'murkeun nagara jeung rahayatna.

Saupama aya tradisi anu dikeukeuhan ku urang Ciburuy, tangtu éta ogé patali jeung konsép anu didadarkeun ku Danasamita, nya éta konsép tapa di *mandala*. Dumasar kana katerangan ti sawatara sumber, minangka Kabuyutan atawa mandala, di Ciburuy mémang kapanggih sawatara tradisi anu béda jeung kabiasaan masarakat di sabudeureunana. Lian ti éta kapanggih titinggal-titinggal jaman baheula, anu kacida dirumat jeung dijagana ku masarakat di dinya.

Anu leuwih kajojo tina tradisi di Kabuyutan Ciburuy, tur geus réa dipublikasikeun, nya éta tradisi séba. Ngan baé, istilah “séba” di Ciburuy mah

rada béda jeung istilah séba anu dipaké dina ritual adat di tempat séjén, upamana baé upacara séba nu dilakonan ku urang Kanékés anu leuwih dipikawanoh minangka urang Baduy Jero. Istilah “séba” dina tradisi masarakat Kanékés ngarujuk kana kagiatan nganjang ka pamaréntahan daérah (Pemda) Kabupatén Lebak atawa pamaréntahan puseur di Jakarta anu tujuan utamana maheutkeun tatali silaturahmi antara urang Kanékés jeung pamaréntah, ku cara barang kirim hasil bumi (<http://www.explore-indo.com>). Ku hal éta, séba pikeun urang Kanékés leuwih deukeut kana istilah “séba” nu sok dijalankeun ku masarakat jaman baheula, nya éta minangka wujud bakti ku cara masrahkeun barang atawa kakayaan ka raja, minangka tanda hormat atawa tanda sumerah diri (LBSS, 1976: 409, Satjadibarata, 2005: 349). Sedengkeun séba di Ciburuy, leuwih dihartikeun minangka masrahkeun diri ku cara ngaberesihan rohani jeung jasmani, sarta neneda jeung ménta pituduh ti karuhun ngarah tinemu jeung hirup anu ayem tengtrem, diberekahan, tur teu méngpar tina *tetekon* (aturan/tradisi) nu geus diwariskeun ku adat. Ngandung harti yén “séba” pikeun masarakat Kanékés mah sipatna horizontal, ari “séba” pikeun masarakat di Ciburuy mah sipatna vértikal.

Pikeun masarakat di Ciburuy, upacara séba saolah-olah jadi pameungkeut antara anggota kulawarga atawa katurunan Ciburuy pikeun papada tuhu kana aturan adat. Dina waktuna upacara séba, lain baé anggota kulawarga Ciburuy nu dumuk di sabudeureun Kabuyutan nu daratang téh, tapi nu mukim di jauhna ogé pada ngahajakeun jul-jol rék nyaksian upacara séba. Tradisi éta pisan anu sok diidéntikeun jeung istilah “*tukuh Ciburuy*” téh. *Tukuh* nu hartina *keukeuh* atawa *teu ingkar* dina kontéks upacara seba mah bisa dijelaskeun minangka sikep

karabat atawa katurunan Ciburuy anu teu ingkar tina tradisi karuhunna. Ku sabab éta, waktu upacara séba dilaksanakeun, sakabéh karabat atawa katurunan Ciburuy papada ngalaksanakeun kawajibanana pikeun ngahadiran upacara bari satia.

Dina upacara séba deuih aya sawatara ritual anu prak-prakanana maké aturan nu teu meunang dilanggar. Upamana aturan ngarumat jeung miara naskah buhun nu loba nyampak di éta Kabuyutan. Ku hal éta, loba naskah anu can katalungtik naon eusina teu bisa dibawa kaluar ku panalungtik atawa ku saha baé ogé, keur ditalungtik eusina atawa pikeun kaperluan séjén. Naskah tetep disimpen dina koropak nu ngan bisa dibuka dina upacara séba, atawa dina waktu-waktu nu tangtu kalawan widi ti kuncén.

Ayana sawatara naskah kuno nu aya di Kabuyutan Ciburuy, ogé jadi perhatian para panalungtik. Loba panalungtikan ngeunaan Kabuyutan Ciburuy anu fokusna dipuseurkeun kana ulikan naskah atawa leuwih nyoko kana ulikan filologi. Sedengkeun kana tradisi anu nyampak di Ciburuy can pati réa kapaliré. Upamana, can aya anu daria nalungtik soal upacara séba jeung tradisi nu patali jeung kabiasaan sapopoé masarakat di Ciburuy.

Patali jeung éta pisan, ieu panalungtikan digarap pikeun mikanyaho sacara jembar kumaha saenyana tradisi atawa adat istiadat anu nyampak di Kabuyutan Ciburuy jeung dikukuhan ku masarakatna. Ayana babasan *tukuh Ciburuy*, sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, lain baé términologi anu ngagambarkeun sikep jeung paripolah manusa nu ngarujuk kana kataatan miara tradisi, tapi boa-boa lahir tina hiji kosmologi atawa kahirupan budaya di lingkungan masarakat Kabuyutan Ciburuy nu ngawengku rupa-rupa aspék. Ku hal

éta, *tukuh Ciburuy* lain baé patali jeung prak-prakan upacara séba atawa ngarumat naskah buhun, tapi bisa jadi patali jeung aturan adat séjénna anu papada dijaga jeung dipiara ku masarakat di Kabuyutan Ciburuy, nu salila ieu can pati kaguar ku panalungtik. Dina raraga éta pisan, ieu panalungtikan dijudulan: “Tukuh Ciburuy: Ulikan Étnografi Di Kabuyutan Ciburuy Kacamatan Bayongbong Kabupatén Garut.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dina ieu panalungtikan, perlu ngawatesanan masalah ruang lingkup jeung wates-wates nu di talungtik. Ieu studi téh rék ngadadarkeun rupaning hal nu aya patalina jeung omongan *tukuh Ciburuy* ditilik tina Studi Étnografi di Lingkungan Kabuyutan Ciburuy Kacamatan Bayongbong Kabupatén Garut. Ieu panalungtikan diwatesanan, dumasar nu geus dijelaskeun dina kasang tukang, nya éta medar upacara Séba, miara atawa aturan mupusti barang-barang titinggal karuhun, larangan-larangan poé jeung saha waé nu bisa asup ka Kabuyutan Ciburuy, aturan saha anu kudu jadi Kuncén, sarta mana waé nu kaasup nu mangrupa simbol jeung indéks.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Luyu jeung pedaran di luhur, ieu panalungtikan bakal dipuseurkeun kana masalah-masalah étnografis anu sawanganana miang tina términologi *tukuh Ciburuy*. Sangkan puguh gék-gékanana, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun siga ieu di handap:

- 1) Kumaha *tukuh Ciburuy* dihartikeun atawa dipikapaham ku masarakat di Kabuyutan Ciburuy?
- 2) Naon baé tradisi anu dipikukuh ku masarakat di lingkungan adat Kabuyutan Ciburuy nu antukna ditafsirkeun atawa dipikapaham ku masarakat di luareunana minangka réprésentasi tina *tukuh Ciburuy*?
- 3) Kumaha tanda simbol jeung gambaran kosmologi dina *Tukuh Ciburuy* di Kabuyutan Ciburuy, Kacamatan Bayongbong, Kabupatén Garut?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan ngawengku hal-hal ieu di handap:

- 1) Ngadéskripsikeun terminologi *tukuh Ciburuy* boh nu dipikapaham ku masarakat di Kabuyutan Ciburuy boh nu dipikapaham ku masarakat di luar Kabuyutan;
- 2) Ngadéskripsikeun tradisi katut fungsina anu dipengkuhan ku masarakat di lingkungan adat Kabuyutan Ciburuy, nu dipikapaham ku masarakat di luareunana minangka réprésentasi tina *tukuh Ciburuy*; jeung
- 3) Tanda simbol jeung gambaran kosmologi dina *Tukuh Ciburuy* di Kabuyutan Ciburuy, Kacamatan Bayongbong, Kabupatén Garut.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan digarap kalawan harepan bisa mangpaat boh keur kapentingan tioritis boh keur kapentingan praktis.

### 1.4.1. Mangpaat Tioritis

Keur kapentingan tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa:

- 1) Ngabeungharan pangaweruh, pangpangna sacara étnografis atawa antropologis anu patali jeung tradisi di Kabuyutan Ciburuy. Ieu pangaweruh téh dipiharep bisa ngalengkepan ulikan nu geus aya ngeunaan Kabuyutan Ciburuy, lain baé ulikan anu sifatna filologis kana naskah-naskah anu kasimpen di Kabuyutan, atawa ngeunaan upacara séba di Ciburuy anu ngan sabagian leutik baé tina sakabéh tradisi anu aya di éta Kabuyutan; jeung
- 2) Nyadiakeun pedaran anu kompréhensif patali jeung adat atawa tradisi urang Sunda, hususna tradisi nu nyampak di kampung-kampung adat. Ieu pedaran téh muga-muga gedé gunana pangpangna anu nyampak di situs-situs budaya saperti di Kabuyutan Ciburuy.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa digunakeun keur bahan pangajaran di lingkungan pendidikan formal jeung nonformal. Sakumaha loba diguar ku para ahli, pola-pola kahirupan di masarakat adat samodél di Kabuyutan Ciburuy saéstuna ngandung kaunggulan-kaunggulan anu teu kapanggih di komunitas masarakat anu modérn. Éta kaunggulan-kaunggulan téh sok disarebut *local wisdom* atawa *kearifan lokal*, anu kabuktian gedé gunana jeung matih dina ngajawab problématique nu disanghareupan ku masarakat kiwari anu cenderung pragmatis.



Éta kaunggulan téh patali jeung integritas, konsisténsi, atawa kuat pamadegan nepi ka teu babari kabawa ku sakaba-kaba atawa teu panceg dina titincakan. Lian ti éta, masarakat di Kabuyutan ogé tétéla boga cara sorangan dina ngajaga warisan karuhun nepi ka hikmahna karasa langsung dina kahirupan sapopoé maranéhna. Anu teu kurang pentingna, salah sahiji kaunggulan di masarakat adat téh nya éta kuatna hubungan sosial saperti anu ditémbongkeun dina sikep gotong royong antara anggota komunitas. Ieu kaunggulan-kaunggulan téh saéstuna dipikabutuh ku masarakat ayeuna anu beuki individualistis, héngkér integritasna, atawa ngamomorekeun warisan karuhun nepi ka teu bisa nyokot hikmah atawa ngarasakeun mangpaatna.

### **1.5 Anggapan Dasar**

Arikunto (1996: 60) nétélakeun yén anggapan dasar nya éta dasar tiori pikeun ngalaporkeun hasil panalungtikan. Dumasar kana éta pamadegan, anggapan dasar ieu panalungtikan ngawengku:

- 1) Tuhuh Ciburuy di lingkungan Kabuyutan Ciburuy bisa ngarojong kana kamekaran kabudayaan masarakat sacara lokal; jeung
- 2) Tuhuh Ciburuy di lingkungan masarakat Ciburuy bisa ditalungtik sacara ilmiah, pangpangna maké ulikan étnografi.

## 1.6 Definisi Operasional

Patali jeung judul ieu panalungtikan, aya sawatara istilah anu kudu dijéntrékeun definisina. Di antarana baé:

- 1) *Tukuh Ciburuy*; lian ti geus jadi babasan anu nuduhkeun sikep nu hésé robahna, ieu istilah ogé ngaréprésentasikeun sikep atawa pamadegan komunitas adat di Ciburuy anu keukeuh peuteukeuh dina ngajalankeun jeung ngarumat tradisi anu diwariskeun ku karuhunna. Ieu définisi téh masih bisa disusun tina harti-harti kecapna sacara harfiah. Unsur frasana ngawengku dua kecap nya éta *tukuh* nu hartina taat atawa pengkuh pamadegan, sarta *Ciburuy* nu mangrupa ngaran tempat Kabuyutan di wewengkon Kabupatén Garut nu masarakatna dipikawanoh taat dina ngajaga jeung ngajalankeun tradisi anu mandiri;
- 2) *Étnografi*, nya éta widang élmu anu akarna tina antropologi. Hakékatna étnografi téh kagiatan panalungtikan pikeun mikapaham cara atawa kumaha papada jalma ngayakeun interaksi atawa ngayakeun gawé bareng ngaliwatan fenomena kahirupan sapopoé. Étnografi sok dihartikeun ogé minangka gambaran nu sistematis jeung analitis ngeunaan kabudayaan hiji kelompok masarakat atawa suku bangsa nu dikumpulkeun ti lapangan dina waktu anu sarua; jeung
- 3) *Kabuyutan Ciburuy*, nya éta situs anu ngawengku kampung jeung komunitas adat anu kiwari sacara administratif kabawa ka Kampung Ciburuy, Désa Pamalayan, Kacamatan Bayongbong, Kabupatén Garut. Pernahna di suku Gunung Cikuray, gunung pangluhurna di Kabupatén Garut. Wates wilayahna

beulah kalér Kampung Sindangsari, beulah kidul Kampung Cicayur, beulah kulon Kampung Sadérang, sarta di wétanna Kampung Batugedé.

